



Pwoteksyon pou Moustik Pa Mòde Moun nan Florida

FloridaHealth.gov • Florida Department of Health

Tout moustik pa menm. Diferan moustik simaye diferan maladi epi yo mòde moun diferan moman nan jounen an. Kèk espès moustik mòde moun pandan lajounen, tankou moustik ki kapab simaye viris chikungunya, deng ak Zika. Lòt espès moustik yo mòde moun pi souvan ant lè aswè kòmanse ak avanjou.

Moustik yo kapab viv andedan kay epi y ap mòde ou nenpòt lè, lajounen tankou lannwit.



Itilize pwodui ki anrejistre nan Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) pou pouse moustik

Mete pwodui pou pouse moustik lè ou deyò. Itilize pwodui ki gen engredyan aktif ki san danje epitou ki efikas.

- Toujou swiv enstwiksyon ki sou etikèt pwodui a.
- Pa flite pwodui pou pouse moustik sou po ou ki anba rad ou.
- Si ou itilize filtè solèy, mete filtè solèy la an premye epi mete pwodui pou pouse ensèk la an dezyèm.
- Li bon pou fanm ansent yo oswa fanm k ap bay tibebe tete itilize pwodui pou pouse moustik ki EPA apwouve si yo pase pwodui yo dapre enstwiksyon ki sou etikèt anbalaj la.
- Jwenn plis enfòmasyon: www2.epa.gov/insect-repellents.



ITILIZE PWODUI POU POUSE ENSÈK KI GEN YOUN NAN ENGREDYAN AKTIF SA YO

DEET →→

Picaridin (KBR 3023), Bayrepel ak icaridin →→

Lwil ekaliptis (oil of lemon eucalyptus, OLE) oswa para-metan-dyòl (para-menthane-diòl, PMD) →→

IR3535 →→



EGZANP MAK*
Non komèsyal peyi etranje yo ka pa menm.

Off!, Cutter, Sawyer, Ultrathon

Skin So Soft Bug Guard Plus

Repel

Skin So Soft Bug Guard Plus Expedition, Skin Smart

Pi gwo pousantaj engredyan aktif=pwoteksyon pou plis tan

Si ou gen yon tibebe oswa yon timoun:

- Toujou swiv enstwiksyon ki sou pwodui a lè w ap pase pwodui pou pouse ensèk sou timoun.
- Flite pwodui pou pouse ensèk nan men ou epi pase li nan figi yon pitit ou.
- Pa pase pwodui pou pouse ensèk nan men, bouch, blesi oswa po irite yon timoun.
- Pa itilize pwodui pou pouse ensèk sou tibebe ki poko gen laj 2 mwa.
- Abiye tibebe yo oswa timoun piti yo avèk rad ki kouvri bra yo ak janm yo.
- Kouvri bèso, pousèt oswa pòt-bebe ki gen moustikè.



Kouvri po ou avèk rad

- Mete chemiz manch long oswa pantalon long.
- Moustik yo kapab mòde ou andedan rad mens. Trete rad yo avèk permethrin oswa yon lòt ensèktisid ki anrejistre nan EPA pou jwenn plis pwoteksyon.



Itilize rad ak materyèl ki trete avèk permethrin.

- Permethrin se yon ensèktisid ki touye moustik yo ak lòt ensèk yo.
- Achte rad ak materyèl ki trete avèk permethrin (bòt, pantalon, chosèt, tant), oswa itilize permethrin pou trete rad ak materyèl—swiv enstwiksyon yo ki sou pwodui a deprè.
- Li enfòmasyon ki sou pwodui a pou konnen kantite tan permethrin ap dire.
- Pa itilize pwodui permethrin dirèkteman sou po ou.





www.cdc.gov/features/StopMosquitoes

* Itilizasyon non komèsyal yo se pou bay enfòmasyon sou pwodui yo; sa pa vle di Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) oswa Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services) apwouve pwodui sa yo.

Kenbe moustik yo deyò



Anpeche moustik yo repwodu



Nan zòn tout bilding yo:
Omwen yon fwa pa semèn, vid, chavire oswa kouvri nenpòt sa ki kapab kenbe dlo:

kawotchou yo
bokit yo
jwèt
pisin yo ak kouvèti
pisin yo
abrevwa zwazo
poubèl, bwat fatra ak
poubèl resiklaj
kouvèti bato oswa oto

Lakay ou oswa nan biznis ou:
Retire atik deyò ou pa itilize yo, paske yo kapab kenbe dlo dòmi.



Nan jaden ou:
Kenbe po flè yo ak soukoup yo san dlo dòmi. Kèk plant, tankou bwomelya, kenbe dlo nan lav yo—floche plant ki kenbe dlo yo avèk kawotchou ou yon fwa pa semèn.

